



Mizajou sa a founi nouvo enfòmasyon pou ane 2010 la pou plizyè atik tankou taks ak benefis Sekirite Sosyal. Daprè Malwa, chif sa yo chanje otomatikman chak ane pou mete pwogram nan ajou avèk ogmantasyon nan nivo pri ak salè yo. Kit ou ap travay oswa ou deja ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, chanjman sa yo gen enpòtans pou ou.

Enfòmasyon pou moun k ap travay

Taks Sekirite Sosyal ak taks Medicare		
<i>Taks Sekirite Sosyal</i>	2009	2010
Travayè/Anplwayè (chak)	6.2% sou salè ki rive jiska \$106,800	6.2% sou salè ki rive jiska \$106,800
Travayè Endepandan * Ka konpanse nan dispozisyon finansyè sou revni	12.4%* sou salè ki rive jiska \$106,800	12.4%* sou salè ki rive jiska \$106,800
<i>Taks Medicare</i>		
	2009	2010
Travayè/Anplwayè (chak)	1.45% sou tout salè	1.45% sou tout salè
Travayè Endepandan * Ka konpanse nan dispozisyon finansyè sou revni	2.9%* sou tout salè	2.9%* sou tout salè
<i>Kredi Travay-Lè ou travay, ou gen kredi nan benefis Sekirite Sosyal yo.</i> Ou bezwen yon sèten kantite kredi pou ou eljibib pou benefis Sekirite Sosyal yo. Kantite kredi ou bezwen depann de laj ou ak kalite benefis ou ap aplikea pou yo. Ou ka gen yon maksimòm kat (4) kredi chak ane. Pifò moun bezwen 40 kredi pou yo kalifye pou benefis retrèt.		
	2009	2010
	\$1,090 ou genyen yon kredi	\$1,120 ou genyen yon kredi

Enfòmasyon pou moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal

Limit Salè		
Daprè lalwa federal, moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal epi ki poko gen laj pou retrèt konplè gen dwa pou yo resevwa tout benefis yo toutotan salè yo pi ba pase limit ki endike apre yo. Pou moun ki fèt nan lane 1943-1954, laj pou yon moun pran retrèt konplè li se 66 lane. Laj retrèt konplè la ap ogmante tanzantan chak ane jouk li rive nan laj 67 lane pou moun ki fèt nan lane 1960 oswa apre sa.		
	2009	2010
Nan laj pou retrèt konplè oswa plis	Pa gen limit sou salè	Pa gen limit sou salè
Anvan laj pou retrèt konplè a	\$14,160 Pou chak \$2 sou limit la, yo retire \$1 nan benefis yo.	\$14,160 Pou chak \$2 sou limit la, yo retire \$1 nan benefis yo.
Nan ane ou gen laj pou retrèt konplè a	\$37,680 Pou chak \$3 sou limit la, yo retire \$1 nan benefis yo jouk mwa ou gen laj pou retrèt konplè la.	\$37,680 Pou chak \$3 sou limit la, yo retire \$1 nan benefis yo jouk mwa ou gen laj pou retrèt konplè la.
<i>Limit salè pou moun k ap resevwa benefis maladi/enfimite:</i> Si ou ap travay pandan ou ap resevwa benefis maladi oubyen enfimite, ou dwe fè nou konnen salè ou menm si ou p ap touche anpil lajan. Ou ka gen salè san limit pandan yon peryòd esè travay jouk nèf (9) mwa (mwa pa nesèsman bezwen youn apre lòt) epi ou toujou ap resevwa tout benefis yo. Depi ou fini peryòd esè travay nèf (9) mwa yo, n ap detèmine si ou toujou gen dwa pou benefis maladi/enfimite. Ou ka elijib tou pou lòt avantaj travay pou ede ou fè tranzisyon pou ou retounen nan travay.		
Gwo Salè ki fèt nan Travay (Moun ki pa avèg)	\$980 pa mwa	\$1,000 pa mwa
Gwo Salè ki fèt nan Travay (Moun ki avèg)	\$1,640 pa mwa	\$1,640 pa mwa
Mwa pandan peryòd ou ap eseye travay	\$700 pa mwa	\$720 pa mwa

Enfòmasyon pou moun k ap resevwa Revni Sekirite Sipleman (SSI)

Peman federal SSI pa mwa (maksimòm)		
	2009	2010
Moun ki poukont li	\$674	\$674
Koup (madanm/mari)	\$1,011	\$1,011
Limit Revni pa mwa		
Moun sèl revni yo se salè travay yo	\$1,433	\$1,433
Moun revni yo se pa salè travay yo	\$694	\$694
Koup (madanm/mari) sèl revni yo se salè travay yo	\$2,107	\$2,107
Koup (madanm/mari) revni yo se pa salè travay yo	\$1,031	\$1,031

NÒT: Si ou gen revni, anjeneral benefis pa mwa ou ap pi ba pase maksimòm peman federal SSI la . Sonje, ou dwe fè nou konnen tout revni ou. Kèk eta ajoute lajan sou peman federal SSI. Si ou ap viv nan youn nan eta sa yo, ou ka ranpli kondisyon pou resevwa yon pi gwo peman. Revni ou ka pi gwo pase limit ki endike yo epi ou ka toujou ranpli kondisyon yo.

Enfòmasyon pou moun ki nan Medicare

Pifò depans Medicare yo ogmante ane sa a akòz ogmantasyon depans pou swen medikal yo.		
	2009	2010
Asirans Lopital (Pati A)		
Pou 60 premye jou entèn nan yon lopital, pasyan an ap peye	\$1,068	\$1,100
Ant 61yèm jou ak 90yèm jou, entèn lopital pasyan an ap peye	\$267 pa jou	\$275 pa jou
Aprè 90 jou entèn nan yon lopital, pasyan an ap peye (pou apeprè 60 jou an plis)	\$534 pa jou	\$550 pa jou
Pou 20 premye jou nan yon mezon retrèt kalifye, pasyan an ap peye	\$0	\$0
Ant 21yèm jou ak 100yèm jou nan yon mezon retrèt kalifye, pasyan an ap peye	\$133.50 pa jou	\$137.50 pa jou
Pwogram leta pou peye prim Medicare Pati A: Kantite lajan prim ou ap peye pou Medicare Pati A depann de kantite kredi Sekirite Sosyal ou genyen. Si ou genyen:		
40 kredi	\$0	\$0
ant 30 ak 39 kredi	\$244 pa mwa	\$254 pa mwa
mwens pase 30 kredi	\$443 pa mwa	\$461 pa mwa
Asirans Maladi (Pati B)		
Prim	\$96.40 pa mwa**	\$110.50 pa mwa**
Dediktib	\$135 pa ane	\$155 pa ane
	Aprè pasyan an fin peye dediktib la, Pati B a ap peye 80 pousan sèvis ki kouvri yo.	

NÒT: Si ou gen Medicare epi revni ou pa gwo, eta kote ou ap viv la ka peye prim Medicare ou epi, nan kèk ka, li ka peye dediktib ou ak lòt frè medikal an plis. Kontakte biwo lokal asistans medikal ou (Medicaid), biwo lokal sèvis sosyal oswa biwo asistans sosyal pou plis enfòmasyon.

** Nòmal Prim pa mwa a se \$110.50. Gen de moun ki peye plis prim si salè ou pi gwo.